Муниципальное казенное общеобразовательное учреждение
«Тлярошская средняя общеобразовательная школа»

# Авар адабияталъул рагъараб дарс

*( 9 класс, 2 дарс (9:25-10:00) 12 февраль, 2021 сон).*

Тема:

## Г1арип Расулов «Хазина».

### Ват1аналъе хилиплъи х1ехьезе гьеч1о.



*Х1адур гьабуна: Исмаилова П. М.*

*2021 сон.*

ТЕМА : ГI.Расулов «Хазина». ВАТIАНАЛЪЕ ХИЛИПЛЪИ ХIЕХЬЕЗЕ ГЬЕЧIО.

Дарсил мурадал: ГI.Расуловасул творчествоялъул хIакъалъулъ баян;

«Хазина»- хабаралъулгун лъай-хъвай гьабизе, гьелъул магIна рагьи;

художествияб гIуцIиялъул ва мацIалъул гIадатлъи бихьизаби;

багьадуразул сипатал рагьи;

лъугьа-бахъиналъе битIараб къимат кьун бажари;

тарихияб бухьен гьанже заманалъул.

ДАРСИЕ ХIАЖАТАЛ АЛАТАЛ:

мультимедиялъул проектал, слайдал: мугIрул росабазул; рагъул, Турциялъул; тесталъе суалал; карточкаби; иллюстрациял, телеграммалъул конверт; ( нашид…).

ДАРСИЛ ИН:

1. Ралъдал видео биччала (1-2 минута).

2. РорчIами лъимал, гIодор чIа.

РорчIами хIурматиял гьалбал. ЦIакъ йохарай йиго жакъа нужгун дандчIвазе. Лъимал, бокьилаан гьаб нужеда бихьараб ралъдал сураталъги рагIараб гIодобе биччараб бакъаналъги нужер ракIазе кинаб хIикмалъи гьабурабали нужеца бицине.

ЦIалдохъан: кIвахI гьечIеб гIумру-инсан чIечого, ралъдал карачелал гIадин, гIумруялъул нухдасан цеве унев ва унев вукIуна.

ЦIалдохъан: ралъдал берцинлъиялъ тIаде цIала, амма гъварилъиялъ рекIелъе хIинкъи рещтIуна.

ЦIалдохъан: Аллагьасул хIалкIолъи!

МугIалим: Машааллагь, узухъда нилъеда киданиги кIочене бегьуларо тIолабго дуниялги нилъее нилъ жалгоги ТIадегIанав Аллагьас рижарал рукIин, АлхIамдулиллагь. ЛъикI буго, хIалчIахъадал. Лъица дида абилеб лъил рагIаби гьал кколел, ва киса росарал рагIаби гьал:

*- Инсанасул гIумруги гьалдолел карачелазда релълъунин ккола дида. ГIумруго гIадин, абадиялъ чIей гьечIого гьелчола гьел. Къуват дагьлъарал риун, тIагIун уна. Гьезул бакIалда цIиял, гIолохъанал рижун рачIуна. ЧIей гьечIеб, даимаб чвахи, хIалхьи лъалареб захIмат…*

ЦIалдохъан: ГIабас Ибрагьимовичас, ГI. Расуловасул « Хазина»- абураб хабаралъул аслияв героя с, абурал рагIаби.

Мугlалим: Битlун буго, хlалчlахъад. Нилъер жакъасеб дарсил тема буго Гl. Расуловасул « Хазина» хабаралдасан « Ватlаналъе хилиплъи хlехьезе гьечlо».

Дарсил мурадалги ккола:

1. Гl. Расуловасул творчествоялъул хlакъалъулъ баян;

2. «Хазина» - хабаралъулгун лъай-хъвай гьабизе, гьелъул магlна рагьизе.

**Словарияб хlалтlи.**

СЛОВАРИЯБ ХIАЛТIИ:

Накъира- музыкалияб алат;

Лангар- якорь;

Гизма- ясазул тlутlаб хьвада-чlвади;

Гьундул- кlалгlаби, рукъзал;

Гид- цевехъан;

Долма- Бахча- Турциялда бугеб султанасул кlалгlаби;

Истанбул- Турциялъул тахшагьар (Стамбул).

Цин нилъеца рачlа ракlалде щвезабизин Гl. Расуловасул гlумру ва адабияб творчество.

(биография цlалдохъабахъе бикьила)

( слайдалдасан суалал кьела).

**1.Гlарип Расулов кида гьавурав?**

А. 1936 Б. 1937 В. 1938 Г. 1939

**2.Кинаб миллаталъул кколев Гl. Расулов?**

А. Лъарагlав; Б. Аварав; В. Лезгияв; Г. Даргияв;

**3.» Хазина» - рагlи гьаб хабаралда кинаб сипатияб рагlи кколеб?**

А. Эпитет; Б.Метафора; В.Гипербола; Г. Дандекквей;

**4. Кинаб росулъ гьавурав Гl. Расулов?**

А. Бакълъухъ; Б. Гьидалъ; В. Къахlиб; Г.Гъодобери;

**5.Гьесул тlоцебесеб тlехьалда цlар:**

А. «ГӀумрудул нух»; Б. «МугӀрузде сапар»;

В. «ГӀумрудул анищ»; Г. «ГӀумрудул къатӀра».

**МугӀалим**: Лъимал, кинаб гӀажаиблъи бахчун бугеб гьаб хабаралъул цӀаралъулъ? «Хазина» - батанищ нужеда цониги нухалъ гьеб рагӀи асаралда жаниб хӀалтӀизабун. Нилъер пикруялда хазина кколаха…. ( диск мультфильм « Простоквашино»). – Хазина! Унго гьеб бечелъиялъул хӀакъалъулъищ гьаб асаралда бицунеб бугеб. ХӀакъикъаталда асаралъул цӀаралъ якъинго баян гьабула гьелъул темаян абула.

Гьеле нужее дарсил ахиралда рагьизе суал. Гьеб лъазе нилъеего бигьалъиялъе нилъ сапарде рахъина нилъерго аслияв багьадургун, щив гьев?

**ЦӀалдохъан**: ГӀабас Ибрагьимович.

**МугӀалим:** Цоги ругищ нилъер аслиял багьадурзаби?

**ЦӀалдохъан:** ГьечӀо. Гьеб ккола хабар. Хабаралъулъ цо-кӀиго багьадурасул гурони рехсон букӀунаро.

**МугӀалим:** Цоги щиб букӀине кколеб хабаралъулъ?

**ЦӀалдохъан:** Хабарияб каламалдалъун хъван букӀине ккола.

ЦӀалдохъан: Гьенир диалогал руго, чанго бутӀаялдасан гӀуцӀунги буго.

МугӀалим: ЛъикӀ буго, хӀалчӀахъадал, гьеб буго эпосияб асар, щай гурелъул гьениб тарихияб лъугьа-бахъин бихьизабун буго.

Гьанже нилъерго хазина балагьизе нилъ асаралде жанире лъугьун, балагьизе ккола. Асаралъул сюжетги гӀуцӀиги данде кколеб гьечӀо, гьениб аслияб кӀвар кьун буго багьадурасул ракӀалдещвеязе. РачӀа нилъеца сапар бухьинин героясда цадахъ.

*СЦЕНКА «ТЕЛЕГРАММА»*

*ГӀабас, гӀайибаб рукьалда гъоркь къазабун журналгун, учительскаялде вачӀана. Жиндирго бакӀалда журналги лъун, мелалъул цӀураб кверги бацӀцӀун, къватӀиве лъугьинехъин вукӀана.*

*ДИРЕКТОР: - ГӀабас, мун ун ватилин ккун букӀана дида. Ма, тел буго духъе. Анкьидасан мун МахӀачхъалаялде щвезе ккола.*

*ГӀАБАС: ЩибгӀаги гьелъ бицунеб жо?*

*ДИРЕКТОР: КӀочонищ тараб? Риидал туристазул сапаралъ батӀияб пачалихъалде инилан анищалда гурищ мун вукӀарав? Гьелъие гурищ документал ритӀун рукӀарал?*

*ГӀАБАС: Уха, уха, цӀакъ битӀарабха ( вохун абула).*

*ДИРЕКТОР: Ине хӀадурлъеха. Нухда регӀизе нижги рачӀинин.*

*ГІАБАС: Гьай баркала! Гьай баркала!...*

*( Пикрабалъ восарав ГІабас уна).*

Гьаб хабаралъул аслияв геройгун тІоцебесеб дандчІваялъ нилъер жеги цІикІкІун суалал раккула: гьесул рукь щай гІайийиблъараб?

Гьаб диалогалдасан нилъеда биччуна гьев учитель гІадатав учитель- гуревлъи, гьев вукІин цо балъгояб рухІияб бечелъи рекІелъ бугев инсан.

Гьанже нилъерго героясда цадахъ нилъ кьокъинин Истамбулалде. Гьенире щвезегІанги гьасул рекІелъе рещтІуна таманал ракІалдещвеял.

(РАГЪУЛ ДИСК) ( 2 мин.)

ГІабасида цебе чІола дол соназул кьогІлъи, пашманлъи ва берлъенлъабазул рохелал. ЧІунтарал шагьаразулги чІварал гІадамазулги сурат цебе бачІиндал, гьесул гьумер кьерхунаан, кьунсрул данде рукІкІун унаан. РекІедайин абуни гІодобнакІкІ лъураб гІадин, лъугьунаан.

- Лъимал, гьал рагъул кьогІал соназул ракІалдещвеязул бицунаго кинал сипатиял рагІаби дица хІалтІизарурал?

ЦІалдохъан: гьумер кьерхунаан - метафора;

ЦІалдохъан: гІодобнакІкІ лъураб гІадин - дандекквей;

МугІалим: Щайдай, лъимал, гьаваялда рекъон кьерхарал гьесул пикрабиги?

ЦІалдохъан: Хъвадарухъанас инсанасул рекІел хІал загьир гьабизе, тІабигІаталъул сурат, гьава-бакъ гьесул пикрабазда рекъон бихьизабула нилъеда.

МугІалим: ХІалчІахъад, битІун буго.

Гьанже, лъимал, нилъер ГІабас Ибрагьимович щвана Турциялде.

ГІабасил гьира-шавкъ букІана шагьаралъул кинабниги берцинлъиялъухъ валагьизе, музеязда сверизе, архитектураялъул хаслъи лъазе. Щай гьедигІан гьесие архитектура бокьараб? ( Гьесул доб рухІияб бечелъи нилъеда кватІичого бичІчІила...).

« ТУРЦИЯ В 19 ВЕКЕ » ( 3 мин.)

МугІалим: Лъимал, ГІабасиеги, нужееги хІикмалъи гьабунищ гьеб Турциялъул тарихалъги, султанасул бажариялъги, гьел архитектуриял раязги?

ЦІалдохъан: Гьабуна.

МугІалим: Сунца нужее цІакъго кІвар гьабураб?

ЦІалдохъан: Архитектураялъ.

Мугlалим: Гьале, лъимал, нилъер вукlинесев художник. Бихьулищ гьасиеги, нилъер героясе гlадин, жибго тарихалъ гуреб, гьеб кинабго берцинлъиялъ цlикlкlун кlвар гьабураб. Гьанже нилъеца сапар бухьинин Гlабасида цадахъ суратазул салоналде.

( суратазул выставка бихьизабила);

(«Магlарул росаби»- суратазул видеоролик).

Гьеле гьел суратал рати- ккола хабаралъул завязка.

Гьелда хадуб Гlабасил рекlее хlалхьи гьечlолъиялъул нилъеца тlехьалдасан цlалила. ( гь.197-198 диалог цlалдохъабазда цlализабила).

(- Мун... - Тагъур...).

Мугlалим: Гьеб ккола ишалъул цебетlей, жеги Гlабасица советияб консульствоялде кагъат хъвайги, цинги гьесухъе радалго гьобол вачlинги.

СЦЕНКА «ГОСТИНИЦАЯЛДА»

Нуцlидаги кlутlун, жаниве вачlуна цо чи.

ТУРКАВ: Бегьилищ вачlине?

ХlАСАН: Бегьичlого щиб гьабилеб, жаниве вачlун вугелъул.

ТУРКАВ: Мун кколаха господин Ибрагьимов?

ХlАСАН: Гуро, дун батlияв господин вуго. Господин Ибрагьимов гьабсагlат вачlина.

ТУРКАВ: Тlаса лъугьа. Вачlинегlан дун досухъ валагьун гьанив чlезе бегьилищ?

ХlАСАН: Бегьила, гьале бакlги гlодовчlа!

ТУРКАВ: Баркала, дун эхетунго чlела. Мун господин Ибрагьимовасул гlагарав чийищ кколев?

( пикрабалъе ккарав Хlасан, гъваридго хlухьелги биччан валагьун чlола. Гlабас вачlуна).

ХlАСАН: Гlабас Ибрагьимович, гьав гьобол духъе вачlун вугоха.

ТУРКАВ: О, господин Ибрагьимов, ворчlами! Дида цlар ккола Хlамит-бей. Дие бокьун буго дургун кlалъай гьабизе.

ГlАБАС: Дида мун лъаларо, сундул кlалъай нилъер букlунеб?

ТУРКАВ: Дие бокьилаан цlохо дургун кlалъай гьабизе.

ГlАБАС: Гьав дир вацасул вас вуго, гьасдаса балъгояб жо дир букlунаро.

ТУРКАВ: Лъикl буго. ( сундасан байбихьилебали лъаларого, ургъулаго хьвадарана, цинги лъалхъана).

ГlАБАС: Дун гlенеккун вуго.

ТУРКАВ: Гьабсагlат, гьабсагlат… гlемерал ракьал сверана дица, гьаниб хlалхьиги, рахlатги, чадил кесекги щвезегlан, господин Ибрагьимов. Гьарула дуда дие ахирисеб чадил кесек щвезе бугеб рес дихъа бахъугеян. Дур устарлъи махщел буго. Дуда цlиял сурател рахъизе кlвела… Тlадегlанав бетlергьанасе гlоло гьарула дуда. Гьале дуе гьезухъ рецlелги… ( чвантиниса бахъун гlарац цебе ккуна ).

(Рагъул ракlалдещвей мугlалимас цlалила гьум. 200).(… Ракlалдаго гьечlого … … дир сурат).

ГlАБАС: Дир суратал?… Кин гьел духъе ккарал? Мун щив? ( надалдаса гlетги бацlцlунаго).

ТУРКАВ: Дир гlумрудул тарих талихl къараб букlун буго. Дол рукlана рикlкlадал рагъулал сонал. Дун хlалтlулев вукlана Лейпцигалда суратазул музеялда. Чанго нухалъ гьоркьов хутlаниги, ахирги дун вачана Армиялде. 1344 соналъ Македониялъул мугlрузда партизаназде гьужумги гьабун, гьезул база щущахъ биххизабуна нижеца. Гьенир дихъе щвана сураталги. Дица гьел командованиялдаса рахчана ва нахъе цlунана.

ГlАБАС: Кинха мун Хlамит-бей лъугьарав?

ТУРКАВ: Дун фашистазул армиялдаса лъутана ва гьаб хlукуматалъул гражданлъи босана… Бусурман динги къабул гьабуна…

ГlАБАС: Мун немцав вуго. Щиб цlар букlараб дур?

ТУРКАВ: Дирищ? Дир Альберт Крун, хlурматияв Гlабас Ибрагьимович, гьарула дуда нужерго консульствоялдаса гlарза нахъе босе. Доз цlех-рехалде байбихьизехъин буго.

ХlАСАН: Дудаго кин кколеб, господин Круп, чияр захlматги асаралги рикъун чlей битlарабищ кколеб?

ТУРКАВ: Цин дида ракlалде ккана автор валагьизе. Амма киса дица гьев валагьилев?

ХlАСАН: Кисаха дуда гьеб жакъа лъараб?

ТУРКАВ: Гьеб дида цlакъ бигьаго лъана. Нужер консульствоялъ хlукуматазул идарабазухъе кагъат битlун бачlун буго. Гьезги дидасан цlех-рех гьабизе байбихьана.

ГlАБАС: Суратал дие хlажат гьечlо.

ТУРКАВ: Кlудияб баркала дуе. Дида кидаго кlоченаро дур рекlел сахаватлъи…

ГlАБАС: Амма гьел суратазул бетlергьан ккола дир халкъ, дир Ватlан. Къваригlани, гьел суратал дир Ватlаналъ тlалаб гьарила… ( къватlиве уна).

Мугlалим: Гьеб ккола хабаралъул кульминация. Кинха нужеда бичlчlулеб гьел Гlабасил рагlабазул магlна? Жиндирго гlумруялда барахщинчlого, сахлъиялъе гlузруги ккун, анищалги хlурудахъ ун, Ватlаналъе гlоло бахlарчиго вагъарав Гlабасие бокьилищ гьединаб хилиплъи Ватlаналъе ккезе?

Цинги развязкаялъ нилъее рагьула кинабго балъголъи. Ахиралда Гlабас Москваялде ахlун, телеграмма бачlин. Гьесул 17-абго сурат Ватlаналде тlадбуссун бугиланги абун.

Эпилог букӀана гьесул гӀолохъанлъиялъул хӀасрат- шавкъги анищги тӀад-буссин, нахъеги бокьулеб махщелалде тӀамулел тӀоцересел галабазул такрарлъи.

МугӀалим: Гьале нилъер сюжеталъул ахир. Кинаб хазиналъулха, лъимал, нилъеда гьаб хабаралда ГӀ.Расуловас рехсолеб батараб?

ЦӀалдохъан: Инсанасул кверзул махщел – хвел гьечӀеб хазина ккола.

МугӀалим: БитӀун буго, хӀалчӀахъад, гьеб жиндирго дов инсанасул хазина кколаро, гьеб ккола ВатӀаналъулго хазина.

Нуж лъикӀго кӀвар кьун гӀенекке хазинабаз нилъер ракӀазе гьабулеб асаралъухъ.

## Дарсил х1асил гьаби

Дагьалищ ругел Дагъистаналда махщел бугел гӀадамал? ТӀубарал росаби руго нилъер жидер махщалидалъун ВатӀан бечед гьабурал: Кубачиязул месед-гӀарацалъул тӀагӀел кколарищ нилъер хазиналъун? РачӀа цоги рехсезин:

ЦӀалдохъан: Дербенталъул халичаби.

ЦӀалдохъан: Аксадерил хунжрул.

МугӀалим: Хазиналъун цӀунун нилъехъе щвараб фольклор нилъеда кӀочани, кин букӀинеб лъимал? Нилъер поэтал, хъвадарухъаби кколарищ нилъер хазина? Бищун тӀадегӀанаб хазина гурищ нилъее Расулил шигӀраби?

ЦӀалдохъан: Инхоса ГӀалихӀажиясул насихӀатал;

ЦӀалдохъан: ЦӀадаса ХӀамзатил сатириял асарал;

ЦӀалдохъан: Махмудил лирика;

МугӀалим: Бечедаб буго нилъер адабият. Амма бищунго кӀудияб хазина нилъее ккола халкъалъул эркенлъиялъе гӀоло, бацӀцӀадаб исламияб диналъе гӀоло къеркьарал нилъер имамал, гьезул муридзаби, гьел шагьидзаби.

Шамил имам гӀадав къвекӀаб наслу: жакъа нилъ чӀухӀизе ккола нилъерго ракьалдаса, гьайбатаб пейзажалъ кверде босараб тарихалдаса, ВатӀаналъул къадру гӀодобегӀан биччачӀеб. МацӀалдаса, нилъер шагӀирзабаз дунялалда щущазабураб диналдаса, ТӀадегӀанав Аллагьас нилъ тӀаса рищун кьураб хазиналдаса.

Жеги, лъимал ВатӀаналъул хазина ккола жиндирго тарихалда жиндаго тӀанкӀ лъезе течӀого, рагъарал рагъухъабиги. Дагъистаналъулги дагьал гьечӀо гьединал бахӀарзал.

-Раккизин, лъимал, рухӀияб хазинаялдеги. Унго кколарищ нилъер хазиналъун нилъерго гӀалимзаби, устарзаби, шайихзаби .

( диск о шахидах).

КӀвелищ нужеда гьел кӀочене? Гьел ракӀалда кквей – ккола нилъер аслияб борч.

Амма гьеб кӀочон тани, ВатӀаналъе хилиплъи хӀехьезе гьечӀо халкъалъ... Бокьилаан, нилъер рухӀияй цеехъан, Аминат Абакаровналъе рагӀи кьезе...

РОКЪОБЕ ХӀАЛТӀИ: Сочинение: « Хвел гьечӀеб хазина».